

RAKONTÈ: Video sa a gen bonjan enfòmasyon itil sou odyans pou demann azil. Wap jwenn plis detay ak nouvèl enfòmasyon sou sitwèb nou an : irb.gc.ca

MIZIK: Gen yon ti mizik de fon k ap jwe pandan tout videyo a.

RAKONTÈ: Komisyon Imigrasyon ak Refijye Canada (CISR, an franse) se pi gwo Tribinal administratif Canada.

RAKONTÈ: Se responsablite li pou l pran bonjan desizyon byen panse sou kesyon Imigrasyon ak refijye yon fason efikas, jis e ki selon lalwa.

RAKONTÈ: Seksyon Pwoteksyon Refijye ou SPR, se yon branch nan CISR. SPR responsab pou deside kiyès ki kalifye pou azil pami dè milye moun ki vin mande azil o Canada chak ane.

RAKONTÈ: Lè ou fenk mande azil, yon ajan nan Imigrasyon, Refijye ak Sitwayènte Canada oubyen yon ajan nan Ajans Fwontyè Canada deside si demann azil ou a akseptab. Si li akseptab, demann ou an pral devan SPR.

RAKONTÈ: Nan SPR, moun k ap pran desizyon an rele Manb. Sekonsa, yon Manb va deside si ou kalifye pou pwoteksyon kòm refijye, savledi si ou se yon refijye selon Lakonvansyon oubyen yon moun ki bezwen pwoteksyon.

RAKONTÈ: Yon *Refijye selon Lakonvansyon* se yon moun ki kite peyi l oubyen peyi kote l ap viv la. Li paka tounen akòz de bonjan krent pèsekisyon ke li genyen. Pèsekisyon akòz ras li, relijyon, nasyonalitye, opinyon politik oubyen akòz li fè pati yon gwoup sosyal kèlkonk.

RAKONTÈ: *Yon moun ki bezwen pwoteksyon* se yon moun ki o Canada e ki paka retounen nan peyi li san danje. Si li tounen yo ka tòtire li, gen risk pou lavi l, oubyen li riske jwenn pinisyon oubyen move trètman kriyèl.

RAKONTÈ: Nou envite w gade yon seri video Seksyon Pwoteksyon Refijye a pou w ka jwenn bonjan enfòmasyon sou demann azil ou a.

RAKONTÈ: Seri de kat video sa yo va reponn kesyon enpòtan ke ou genyen pandan w ap demare demann azil ou a e pandan wap prepare odyans ou ak SPR.

RAKONTÈ: Nou ankouraje ou gade tout kat video ki nan seri sa a. Ann gade sa ki nan chak video.

RAKONTÈ: Premye video a rele “Koman pou ou rasanble e voye dokiman prèv ou yo pou demann azil la”. Video sa a se yon bon kote pou w komanse jwenn enfòmasyon. L ap baw yon rezime jeneral sou pwosesis demann azil o Canada.
RAKONTÈ: Nan video sa a, w ap aprann ki diferan tip prèv ou bezwen rasanble pou w sipòte demann ou an, e koman pou w voye prèv sa yo bay SPR. W ap gen pou w aprann tou kiyès ki ka ede w nan pwosesis demann azil ou a.
RAKONTÈ: Konsa tou, video sa a pale de Fòm Baz demann azil la, e pouki sa fòm sa a enpòtan pou demann ou a. Fòm Baz demann nan ede w eksplike kiyès ou ye, e poukisa ou mande azil o Canada. Li trè enpòtan pou tou sa ou di nan fòm nan konplè, vrè e korèk, paske enfòmasyon sa yo va pèmèt Manb SPR la deside sou demann azil ou a.
RAKONTÈ: Dezyèm video a rele “Sa w bezwen konnen avan ou ale nan odyans ou”. Video sa va ede w prepare pou odyans ak SPR la.
RAKONTÈ: Video sa a eksplike kòman ou ka jwenn dat ak lè odyans ou a.
RAKONTÈ: W ap gen tou pou w aprann plis sou moun ki ka ede w nan pwosesis pou al nan odyans lan. Pa egzanp ou kapab anplwaye yon avoka, yon konsiltan imigrasyon, yon notè piblik oubyen yon oksilyè lalwa kòm konseye. Konsa tou, ou ka chwazi yon fanmi oubyen yon zanmi pou reprezante ou. Ou ka reprezante tèt ou tou.
RAKONTÈ: Wap gen pou w aprann tou ki lòt moun ki ka patisipe nan odyans ou a, apa oumenm, konseye ou a, Manb SPR a, e pou ki sa yo ka la.
RAKONTÈ: Pami moun sa yo, ou ka jwenn Konseye minis lan, yon entèprèt, yon temwen ak yon obsèvatè.
RAKONTÈ: Video a ba w enfòmasyon sou jan yon odyans sou video fèt, e li ba wou bonjan konsèy sou kòman ou ka prepare odyans ou.
RAKONTÈ: Si w bezwen yon diferan tip odyans, tankou yon odyans an pèsonn nan yon biwo CISR; video sa a montre w kòman pou w fè demann sa a.
RAKONTÈ: Twazyèm video a rele : “Odyans sou demann azil ou”. Video sa a konsène tout sa ki ka pase nan jou odyans ou a.
RAKONTÈ: Li eksplike kòman odyans ou an va mache, e kòman kesyon yo ap gen pou poze.
RAKONTÈ: W ap gen pou w aprann tou konsènan kesyon legal ki ka soulve pandan odyans la. Pami kesyon sa yo nou jwenn : kesyon idantite, kesyon kredibilite, pwoteksyon leta e posiblite pou deplase nan yon lòt kote anndan peyi a san danje.
RAKONTÈ: Videyo sa a va eksplike w tou kòman SPR va fè w konnen desizyon Manb lan pran sou demann ou an, e ki etap ou ka pran aprè ou fin resevwa desizyon sa a.

RAKONTÈ: Katriyèm ak dènye video a rele “Repons pou kesyon w yo sou pwosesis ak pwosedi demann azil la”. Video a va kouvri enfòmasyon enpòtan sou pwosesis demann azil la ak lòt pwosedi SPR.

RAKONTÈ: W ap gen pou w aprann plis sou Fòm Baz Demann nan, dat pou w voye fòm nan, enstriksyon pou w konnen kòman pou w mete enfòmasyon ou yo ajou oubyen ajoute nouvo enfòmasyon nan fòm ou an, ansanm ak detay sou kòman pou w voye fòm nan bay SPR.

RAKONTÈ: W ap gen pou w aprann osijè lòt dat enpòtan nan dosye ou an, e aprann plis sou kòman pou w voye dokiman ou yo bay SPR. Video sa a di w sa pou w fè si w bezwen plis tan pou w prepare dokiman ou yo e voye yo.

RAKONTÈ: Gade tout kat video ki nan seri a, sa a ap pèmèt ou genyen yon pibon konpreansyon sou pwosesis ak pwosedi pou demann azil ou e konsa w ap pi byen prepare pou odyans lan.

RAKONTÈ: Epi pabliye, si w gen yon demann azil devan SPR, li enpòtan pou w toujou mete enfòmasyon kontak ou yo ajou.

RAKONTÈ: Ekri CISR si w demenaje, oubyen si enfòmasyon kontak ou yo chanje, konsa nou kapab toujou ka jwenn ou.

RAKONTÈ: Pou nouvo enfòmasyon sou pwosesis demann azil ou, ale sou sitwèb CISR oubyen rele gratis nan nimero 1 -833-931-5121 pou enfòmasyon jeneral.

RAKONTÈ: Ou kapab tou eskane kòd QR lan sou ekran an pou ale sou paj *Kontakte nou an*, kote ou va jwenn enfòmasyon sou ki kote ou ka voye dokiman ou yo e kòman ou ka jwenn nou si ou gen kesyon.